

Ede yon moun ekonomize anmwayèn \$3900 sou medikaman ou achte avèk preskripsyon

2009



Èske w konnen yon moun ki bezwen èd avèk pri preskripsyon yo?

Kounye a, ou ka ede yon moun ou renmen pou l aplike pou resevwa Èd Siplemanntè avèk pri medikaman ou achte avèk preskripsyon Medicare yo a. Nenpòt moun ki gen Medicare ka jwenn kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsyon Medicare. Gen Èd Siplemanntè ki disponib pou kèk moun ki gen revni ak resous ki limite. Li pral peye pou tout oswa pifò nan prim masyèl yo ak franchiz anyèl yo epi redwi kotpa pou preskripsyon ki gen rapò avèk plan yo a. Nou estime Èd Siplemanntè a ka vo \$3,900 anmwayèn pa ane. Anpil moun ki gen revni ak resous ki limite kalifye pou fè gwo ekonomi sa yo epi yo pa menm konn sa. Pou chèche konnen si yon moun elijib, Sekirite Sosyal pral bezwen konnen ki valè kòb moun nan fè ansanm ak valè lajan yo gen labank, valè envestisman yo ak byen imobilye (apade kay kote yo rete a). Si yo marye epi y ap viv avèk konjwen yo, nou pral bezwen enfòmasyon sa a pou yo toulède.

Pou kalifye pou Èd Siplemanntè yo dwe genyen:

- Revni ki limite a \$16 245 pou yon moun oswa \$21 855 pou de moun ki marye k ap viv ansanm.
- Menm si revni anyèl yo pi wo, moun ou renmen yo ka toujou jwenn kèk èd avèk prim masyèl, franchiz anyèl ak kotpa pou preskripsyon. Kèk egzanp kote revni yo ka pi wo enkli si yomenm oswa konjwen yo:
 - Sipòte lòt manm fanmi ki abite ansanm avèk yo;
 - Ap touche lajan nan travay; oswa
 - Abite nan Alaska oswa Awayi; epi
- Revni ki limite a \$12 510 pou yon moun oswa \$25 010 pou de moun ki marye k ap viv ansanm. Resous yo enkli bagay tankou kont an bank, aksyon ak obligasyon. Nou **pa** konte kay kote yo abite a ak machin yo kòm resous.

Pou kòmanse

Sekirite Sosyal ka ba w yon aplikasyon ou ka ranpli pou ede benefisyè Medicare yo aplike pou Èd Siplemanntè. Fèy travay ki nan pwochen paj la ka ba w asistans pou ede yo ranpli aplikasyon pou Èd Siplemanntè a. Fèy travay la se **pa** yon aplikasyon li ye.

Mande nenpòt moun w ap ede a pou l:

- Idantifye bagay yo genyen poukont yo, ansanm avèk konjwen yo oswa avèk lòt moun. Yo **pa dwe** enkli kay yo, machin yo, plas yo genyen nan simityè oswa posesyon pèsonèl.
- Revize tout revni yo.
- Rasanble dosye yo alavans pou ka pa pèdi tan.

Dokiman ki pral ede w prepare alavans pou nenpòt moun w ap ede

- Deklarasyon ki montre balans ki nan kont an bank yo, kredi inyon oswa lòt enstitisyon finansye;
- Deklarasyon envestisman yo;
- Deklarasyon polis asirans vi yo;
- Sètifika aksyon;
- Ranbousman taks yo;
- Lèt ki deklare pansyon y ap resevwa; epi
- Souchèk travay.

Ajans eta yo ka ede avèk depans medicare yo

Pwogram Ekonomi Medicare yo ede moun ki gen revni ak resous limite peye pou depans Medicare yo. Si nenpòt moun w ap ede a peye yon prim pou Medicare Pati A, Pwogram Ekonomi Medicare yo ka peye l pou yo. Èd yo jwenn nan Pwogram Ekonomi Medicare yo ka fè yo ekonomize plis pase \$1 100 pa ane.

Si w panse yo ka jwenn èd nan men leta kote yo abite a avèk depans pou Medicare, oswa si w pa fin si, rele biwo asistans medikal leta a (Medicaid) oswa rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Moun ki itilize tele-enprimè yo (TTY) dwe rele **1-877-486-2048**.

Ki jan ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan Èd Sipleman tè avèk depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, vizite www.socialsecurity.gov oswa rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**).

Ou ka ede yon moun aplike sou entènèt pou Èd Sipleman tè nan www.socialsecurity.gov. Pou ede yo aplike pa telefòn oswa pou yo jwenn yon aplikasyon, rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) epi mande pou *Aplikasyon pou Èd*

avèk depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon (SSA-1020). Reprèzantan Sekirite Sosyal yo disponib pou ede w ranpli aplikasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan plan Medicare pou preskripsyon medikaman ak peryòd enskripsyon espesyal yo, vizite www.medicare.gov oswa rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY 1-877-486-2048)**. Epitou Medicare ka pale w konsènan ajans yo nan zòn kote w rete a ki ka ede w avèk plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon yo.

Nou bezwen jwenn enfòmasyon konsènan revni ak resous yo (ansanm ak pa konjwen yo, si yo marye e y ap viv ansanm):

Resous	Valè
Kont an bank, ikonpri kont kouran, kont depay ak sètifika depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, obligasyon depay, fon mityèl, kont retrèt endividyèl (individual retirement accounts -IRA) oswa lòt envestisman	\$ _____
Lajan kach nan kay la oswa nenpòt lòt kote	\$ _____
Polis asirans vi pou aplikan an (ak konjwen, si li marye epi y ap viv ansanm)	\$ _____
<i>NOTE: Sekirite Sosyal bezwen konnen konbyen lajan aplikan an oswa konjwen li ta va resevwa si yo ta ankese lajan polis asirans vi yo a jodi a. Mande yo pou yo tyeke avèk konpayi asirans yo a oswa ajan yo pou yo jwenn valè egzat asirans lan. Pwobableman sa pral mwens pase montan yo asire a.</i>	
Tout byen imobilye apade kay kote w rete a	\$ _____

Revni	Montan mansyèl
Benefis Sekirite Sosyal	\$ _____
Benefis retrèt chemenn fè	\$ _____
Benefis ansyen konbatan	\$ _____
Lòt pansyon oswa anwite	\$ _____
Pansyon alimantè	\$ _____
Revni lwaye nèt	\$ _____
Konpansasyon pou aksidan travay	\$ _____
Lòt revni (peman etablisman prive oswa leta vèsè)	\$ _____
Èd nan men lòt moun pou peye depans nan kay la, tankou manje, ipotèk oswa lwaye, gaz pou chofaj, elektrisite, dlo ak taks fonsyè	\$ _____

	Montan anyèl
Salè	\$ _____
Salè nèt si w travay avèk tèt ou	\$ _____